VOLKSHOCHSCHULE OÖ
INSTITUT INTERKULTURELLE PÄDAGOGIK
zusammen-bilden
Bulgariplatz 12
4020 Linz
0732/ 66 11 71-42
institut@vhsooe.at

# Школехь болх бан lемана хилар

"Латаде хьай дахар хьала, лаха и цlе марсайоккху бахьна" (Руми)



"Школехь болх бан lемана хилар" боху программ дай-наношна лерина ю, дуьххьала школе догlу берашна берийн бешара школе довлуш гlодан а, церан lуналла дан хьоьхуш.

Программехь къаьстина тидаме оьцу дай-нанойн а берийн а юкъаралла, церан дахар, бер кхуьу гуо. Цу дерриге бахьанин бух тlехь, гlолехь гlо хир долчу агlора хlоттийна ю программ. Дай-наношна гlо деш бу хьехархой, боккхачу лаамца и болх беш болу. Беран дахаре а, цуьнан амалин шатайпалле хьаьжна болх бо цуьнца: мел дакъалаца лууш ду бер, мел кlоргера кхеташ ду, могуш ду я шеца цхьацца халонаш йолуш ду, хазахетарца lамадо цо я дог ца догlуш ду, цхьа мотт буьйцу цо я цо школехь lамошберг шозлагlа мотт бу. Паргlата, нуьцкъала тlе а ца телош, хlораза болх беш кхетар ду дай-наной, хlу дича гlолехь хир ду шай берана, хуур ду атта а, дикачу кхиамашца шай бер школехь дlадоладалийта.

## Iалашонаш

- Программехь дакъалоцучу дай-нанойн кхетам кхиоран а, lаморан а хаарш тlечlагlдар
- Дешаран шо дика дlадолон кечамбеш гlодар
- Берийн бешан а, дай-нанойн а, берийн а цхьаьна болх бар гlолехь дар.
- Дакъалоцучу берийн дешаран кхиамаш айбар.
- Дукху меттанаш lаморан тlехь гlодар
- Дакъалоцучу дай-нанойн а, берийн а шайга болу ларам тlечlагlбар.
- Массо дакъалацархочуьнан адамийн а, къаьмнийн а юкъархаарш лакхадахар.
- Адамийн вовшашца йолу уьйр, цхьаъ хилла латта хаар чlагlдар

## Программ

"Школехь болх бан lемана хилар" программ дlайолало ардар(октябрь) баттахь, ткъа хир йолуш ю мангал (июнь) бутт кхаччалц кlирнах цкъа шина дешаран сохьтехь (1 сахьт=50 мин.), дукхахьолахь берийн бешахь, дай-нанойн /берийн юкъарметтехь иштта мухlажарийн цхьанакхетаршкахь Лакхачу Австрехь. Балхана гlоьнна луш программин цlе йолу жайна ду, Къаьмнийн юкьара хьехаран институто хlоттийна. Цу жайнех пайдаъ оьцуш кхочуш бо дай-наноша берашца болх, хlора дийнахь гlолехь шай бер девзаш, цу берана гlо даъ lемаш, бес-бесарчу хьелашкахь цуьнан ницкъ а зуьш. Цул совнах программо гойту, муха чlагlъян мега доьзалний, берийн бешаний юкъара уьйр.